**दिन–रविवार** **दिनांक–16.03.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

दानापुरक खुशबू कँ पढ़ाइ मे मददिक लेल केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान आश्वासन देलनि अछि। खुशबू एगारहवीं कक्षाक छात्रा छथि आ विज्ञानक पढ़ाइ कऽ डॉक्टर बनबाक इच्छुक छथि। किछु दिन पहिने ओ कहने छलीह जे परिवारक आर्थिक स्थिति ठीक नहि होयबाक कारण हुनका डॉक्टरी के पढ़ाइ नहि करऽ देल जा रहल छनि। एहि गपशपक वीडियो वायरल भेलाक बाद केन्द्रीय शिक्षा मंत्री आइ हुनका सँ वीडियो कॉन्फ्रेंस के माध्यम सँ गप कयलाह। केन्द्रीय शिक्षा मंत्री पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर चन्द्रशेखर सिंह कँ खुशबूक नामांकन जीव विज्ञान संकाय मे दू हजार पचीस सँ दू हजार सताइस के अकादमिक सत्र मे करयबाक लेल कहलाह। श्री प्रधान जिलाधिकारी कँ केन्द्र सरकार आ राज्य सरकारक विभिन्न योजना सभक माध्यम सँ खुशबू कँ पढ़ाइ के सुविधा प्रदान करबाक निर्देश देलनि।

---

केन्द्रीय युवा कार्य आ खेल मंत्री डॉक्टर मनसुख मांडविया आइ नव दिल्ली के जवाहर लाल नेहरू स्टेडियम मे फिट इंडिया महोत्सवक उद्घाटन कयलाह। तीन दिन धरि चलयवला फिटनेस आ वेलनेस महोत्सवक उद्देश्य फिट इंडिया अभियानक अनुरूप नीक स्वास्थ्य आ सक्रिय जीवन शैली के प्रोत्साहन देनाय अछि। एहि दरमियान रस्सा कूद, क्रिकेट बॉलिंग आ पंजा लड़ेनाइ जेहन खेल सभक आयोजन होयत। एम्हर, श्री मांडविया आइ भोर अहमदाबाद मे साबरमती रिवरफ्रंट पर फिट इंडिया–रविदिन के साइकिल पर अभियान मे हिस्सा लेलनि। कार्यक्रम के सम्बोधित करैत डॉक्टर मांडविया कहलनि जे साइकिल चलयबा सँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक विकसित भारतक संकल्प के पूरा करबा मे मददि मिल सकैत अछि। ओ कहलनि जे साइकिल चलायब मोटापा सँ मुक्तिक एकटा प्रभावी तरीका भऽ सकैत अछि आ ई लोकसभ मे फिट रहबाक लेल जागरूकता सेहो बढ़ा सकैत अछि।

—————————————————————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता संजय कुमार झा आइ दरभंगा जिलाक सकरी शाखा नहर के बायां तटबंध आ एकर अंतिम छोर सँ निस्सृत श्रीरामपुर वितरणी आ लक्ष्मणपुर माइनर के संग पथ पर लगभग सोलह किलोमीटर नवनिर्मित सड़कक स्थल निरीक्षण कयलाह। ओ कहलनि ज ेजल संसाधन विभाग, बिहार सरकारक एहि योजना सँ सकरी बाजार सँ बाइपास, कनकपुर, नरपतनगर, भालपट्टी, पठानकवइ, तरौनी, श्रीरामपुर, नेहरा, लुल्वाह चौक, हरिपुर, हावीभुआ, कोठबन्ना होइत धरौड़ा धरि जायबाक लेल वैकल्पिक मार्ग भेट गेल अदि। एहि सँ एहि गामक संग–संग लऽग–पासक कतेको गाम एनएच सताइस सँ सीधा जुड़ी गेल अछि।

—————————————————————————————————————

बिहार कांग्रेस रोजगार आ पलायनक मुद्दा पर आइ सँ विशेष यात्राक शुरूआत कयलक अछि। कांग्रेस के प्रभारी कृष्णा अल्लावरू कैँ नेतृत्व मे पश्चिम चंपारणक भितिहरवा गाँधी आश्रम सँ एकर शुरूआत भेल। कांग्रेस एहि यात्रा के "पलायन रोको–नौकरी दो" नाम देलक अछि।

—————————————————————————————————————

आइ देशभरि मे राष्ट्रीय टीकारण दिवस मनाओल जा रहल अछि। ई दिवस टीकारणक महत्त्वक प्रति जागरूकता बढयबाक लेल सभ साल सोलह मार्च के मनाओल जायत अछि। स्वास्थ्य मंत्रालय सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलक अछि जे देशक प्रत्येक बच्चाक स्वास्थ्य सुरक्षाक लक्ष्य हासिल करबाक लेल टीकाकरण अनिवार्य अछि। मंत्रालय जनौलक अछि जे राज्य सरकार आ समर्पित अग्रिम पाँतिक स्वास्थ्य कार्यकर्ता लोकनिक संग मिल कऽ सरकार बच्चा सभक रोग–प्रतिरोधक क्षमता बढयबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। संपूर्ण टीकाकरण कवरेज के तेजी सँ विस्तारक लेल वर्ष दू हजार चौदह मे मिशन इन्द्रधनुषक शुरूआत कयल गेल छल। एकर उद्देश्य शिशु मृत्यु दर मे कमी लेनाय आ बच्चा सभ मे सम्पूर्ण टीकाकरण के प्रभावी बनेनाय अछि।

———————————————————————————

प्रदेशक मौसम मे उतार–चढावक सिलसिला चलि रहल अछि। आइ भोर सँ राजधानी पटना, बक्सर, मुजफ्फरपुर, मधुबनी आ सीवान सहित प्रदेशक कतेको जिला सभ मे मेघ लागल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एहि जिला सभ मे हल्का बरखा सेहो दर्ज कयल गेल अछि। विभाग कहलक अछि जे अगिला बहत्तरि घंटाक दरमियान राज्यक अधिकांश ठाम अधिकतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस के कमी होयबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे हुनकर गवर्नेंस के मॉडल विश्वास पर आधारित मॉडल अछि। ओ कहलनि जे जनता के सरकारक दिस सँ देल जायवला लाभ मे धर्म अथवा जाति के आधार पर भेदभाव नहि कयल जायत अछि। प्रधानमंत्री प्रसिद्ध पॉड कास्टर लेक्स फ्रेडमैन के शो मे कतेको विषय सभ पर अपन विचार रखलनि। श्री मोदी कहलनि जे सुशासन के केन्द्र मे हरदम जनता जनार्दन होयबाक चाही।

———————————————————————————

अररिया मे एसएसबीक छप्पनवीं बटालियन भारत–नेपाल सीमाक बसमतिया पेट्रोल पंप लऽग छापेमारी कऽ पैघ मात्रा मे प्रतिबंधित दवाइ के संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।